

**LESON 2019**  
**TIMOUN YO KONFÒM AK KÈ BONDYE**  
**MEDLN**

**YON LAVI KI ENVESTI NAN RELASYON, ANSÈYMAN, SÈVIS**  
**2 Timote 2:2**

Anèks  
Kouvèti  
Endis  
Entwodiksyon

1. Izrayèl mande yon wa
2. Dezobeyisans Sayil
3. Bondye chwazi David pou l vin wa
4. David jwe enstriman pou sayil
5. Bondye itilize sa ki pi piti a
6. Sayil fè jalouzi kont David
7. Yon vrè zanmi David
8. David konsève lapè
9. David respekte lavi Sayil
10. David padone yon lènmi
11. David montre padon li anvè yon kokobe
12. David pa dakò fè pwòp volonte pa li



#### **ENTWODIKSYON**

#### **Lavi ki envesti nan relasyon entèpèsonèl yo, ansèyman ak sèvis. 2 Timote 2:2.**

Fòmasyon disip la se pi gwo apèl ki egziste. Pap janm genyen lòt defi ki plis difisil ke swiv pa Jezi yo.

Nou pa kapab vin disip Kris la si nou pa genyen nan nou menm obeyisans ki te nan Jezi a. Piga nou blye vrè ansèyman disip la, piga nou rete byen alèz sou chèz legliz lokal yo, pandan ke fòmasyon disip la enplike sòti epi ale.

Lè n'ap fòme moun sa yo, nou dwe konsantre nou pi plis sou koze afeksyon emosyonèl la, jeneralmen moun ki kokobe ki pa genyen Kris nan kè yo konn gen anpil remò. Mwen kwè ke gerizon espirityèl la plis enpòtan pase gerizon fizik la, men si sa fèt, n ap glorifye non Bondye pi plis toujou. Fòmasyon disip ak moun ki kokobe yo tankou rès moun yo, mande envestisman lavi ak verite atravè plizyè relasyon laswenyay nan lanmou k'ap chèche Mennen yo pran yon angajman avèk Jezi.

San dout, Legliz Kris la dwe abode Sans a yo. Nan sans sa a, genyen plizyè lide pratik ke nou kapab devlope nan legliz la pou nou ankouraje patisipasyon plizyè moun avèk andikap nan apèl Bondye a, tankou:

- Reyinyon dominical espesyal yo ki genyen vizyon sa pou ministè moun avèk andikap yo.
- Envite disip, pastè oubyen misyonè avèk andikap yo pou yo kapab pataje temwayaj yo avèk legliz la.
- Òganize aktivite espesyal yo nan legliz la (espòtif, kiltirèl, evanjelik) kote ke envite prensipal yo dwe se moun avèk andikap yo avèk fanmi yo.
- Òganize legliz la pou w kapab fè visit nan ajans yo, ministè avèk òganizasyon ki travay espesyalman nan bay atansyon ak moun avèk andikap yo.
- Patisipe nan aktivite ak evènman ke enstitisyon sa yo òganize atravè, volontè, parennaj oswa pwogram parennaj.

Se avèk yon gran privilèj ke n'ap prezante seri leson sa yo ki genyen pou tit:

### **Timoun yo konfòm ak Kè Bondye**

**Avèk objektif jeneral la:** Se pou jèn timoun yo anvi obeyi Bondye nan tout bagay, nan viv chak relasyon ak chak etap lavi yo pou fè Seyè yo a plezi.

**Objektif espesifik:** Se pou timoun yo dekouvri kòman yo kapab genyen yon kè ki konfòm ak kè Bondye.

Prepare pou popilasyon avèk andikap sendwom Down nan; Andikap Entèlektyèl, ak pwoblèm sèvo. Konfòm avèk severite andikap la avèk laj li, memwa ant 6 a 10 lane; li pa kwonologik (moun nan kapab genyen 20 tan epi genyen yon memwa 5 an).

Li enpòtan anpil pou ke genyen yon evalyasyon sikolojik ki fèt, avèk sipò komite MEDFDI a, men si sa posib, (sèlman nan yon dènye opsyon, pou menm nesesite a) mèt la obsève konpòtman elèv la pou fè konparezon avèk laj timoun nan pi byen.

Genyen de fas nan yon monnen epi lè nou genyen I nan men nou, nou pa kapab retire youn ladan yo.

Se menm bagay la si nou vle pou pitit nou yo aprann, ebyen konsa, nou dwe sonje ke:

Afeksyon avèk entèlijans lan se bagay ki enseparab, pou ke youn fonksyone, li dwe mache ak lòt la epi visevèsa.

Si w vle pou timoun ou yo aprann, ou dwe prepare tout klas yo avèk lanmou, anseye avèk lanmou, epi nenpòt bagay ke w'ap mande yo se avèk lanmou. San lanmou, ou pap rive fè yo konnen Bondye, paske Bondye se lanmou. Se sa ki fè ke nou kapab di:

*AK PI GWO AFEKSYON-PI GWO DEVLOPMAN*

## Leson 1

### Izrayèl mande yon wa

Tèks : "...Se pou nou konprann sa ki volonte Seyè a"—Efezyen 5 :17

KÈK PATI NAN LESON AN	MWAYEN METODOLOJIK	RESOUS	TAN
Ouvèti Byen vini	Salye chak patisipan, ou ka ajoute ladan livrezon badj avèk non yo oswa bay ankourajman ou pou asistans lan.	Badj	3 min.
Zòn atant	Bati kèk kastèt avèk imaj Sayil ak / oubyen Samyèl, jwe avèk yon kouwòn.	Imaj	5 min.
Priyè ouvèti	Gwoup timoun yo ak yon gid ki pou priye. Anchaje pou dirije.	Men yo chak	2 a 3 min.
Chan "Mwen genyen yon zanmi ki renmen mwen"	Chwazi kat patisipan, bay yo chak yon vizyèl epi dirijan ap dirije chan an pou ke timoun yo deplase vizyèl la san oubyen avèk èd.	Vizyèl	5 min.
Dinamik "Fraz kache".	Kache mo fraz yo "Yon timoun konfòm ak kè Bondye" (ou kapab fè I oubyen ajoute plizyè imaj). Konte rive sou 3 pou tout moun tonbe chèche. Bay tan pou yo konstwi fraz la epi eksplike kijan kè w dwe ye pou w vin konfòm ak kè Bondye.	Kat ki genyen chak mo ki nan fraz la.	
Entwodiksyon Tèm nan	Eksplike : nan tout desizyon, nou dwe bay Bondye premye plas nan lavi nou.	Gade rechèch la.	5 min.
Travay manyèl	Ede pentire desen an; si yo pa rive fini, fè yo pote li lakay yo kòm devwa.	Kreyon koulè ak kopi desen an.	10 min.
Adye avèk benediksyon Bondye.	Motive yo avèk pawòl ankourajman pou yo bay Bondye premye plas nan lavi yo. Alafen nou kapab peye asistans yo ak yon ti kado.	Kolasyon	5 min.

**Izrayèl mande yon wa**  
Lekti biblik : 1 Samyèl 8-10

### **Entwodiksyon**

Èske w ensiste pou w enpoze volonte ou? Bib la pale de yon gwoup de moun ki te kwè ke yo te konnen sa ki te pi bon. Èske Bondye ta kite yo fè pwòp volonte yo?

Kòmanse pandan w'ap montre foto pwofèt Samyèl epi rakonte istwa a:

Samyèl te yon pwofèt, yon nonm ki te konn bay moun yo pawòl Bondye a. Yon jou li te gade epi li te wè ansyen yo nan mitan pèp Izrayèl yo byen deside ki te vle pale avèk li "Nou mande pou w nome yon wa ki pou jije nasyon nou an". Samyèl te sezi paske pèp la t'ap refize Bondye ki te vrè wa yo a! Avèk anpil tristès, Samyèl te priye epi di Bondye desizyon ke pèp la te pran an. Bondye te di li konsa: Se mwen menm ke pèp la ap refize kòm wa diven yo epi kounye a yo pral vin tounen esklav yon wa tèrè. Ba yo sa yo bezwen an". Lidè yo te tandem avètisman Bondye a men yo pat vle obeyi, yo te deside genyen yon wa pou nasyon yo a, menm si ke sa pat volonte Bondye. Samyèl te priye Bondye epi te mande l pou li pou l te vide lwil sou tèt Sayil (yon jèn gason byen wo epi chèlbè) pou ki vin wa. Pèp la te byen kontan, paske yo te resevwa sa ke yo t'ap chèche a, yo te genyen yon nouvo wa! Samyèl te santi tristès pou pèp la ki te refize Bondye. Li te konnen ke se pat pi bon desizyon an epi yo ta genyen pou yo atriste ak anpil pwoblèm.

(Vire fèy travay yo pou ke yo kapab wè epi kontinye rechès sa avèk klas la).

Mete Bondye nan premye plas la se toujou volante Bondye pou pitit li yo. Bay Bondye premye plas la vle di, kite li dirije desizyon w yo, pandan w'ap fè sa ki fè l plezi. Mande Bondye sa ke li vle pou w fè, pa fè sa ke w vle fè sèlman. Bay Bondye plas ke li merite nan lavi w la epi tristès ak pwoblè yo va kouri lwen w. Bondye vle pou vin yon moun ki konfòm ak kV Li, pandan w ap ba li premye plas la.

**DEFI :** Si w kwè nan Jezi kòm moun ki te sove w anba peche, sonje ke sa ki pi bon ke Bondye genyen pou ou se ba li premye plas nan lavi w, pandan w ap priye chak jou.

**ENVITASYON:** Bondye pap kapab premye nan lavi w toutotan w pa kwè nan Li kòm Sovè ou. Si w rekonèt ke ou peche devan Bondye, ou kapab pale avèk li kounye a epi di li ke ou repanti ak mande padon.

Li tèks la ankò epi repete : Piga w ensiste toue gare pou w enpoze pwòp volonte w. Si w genyen bon konprann, w ap mete Bondye an premye nan lavi ou. Se sa ki volonte li pou ou.

# **NOU VLE YON WA...**

"Konsa, piga nou mennen tèt nou tankou moun ki sòt, men tankou moun ki gen konprann" (Efezyen 5:17).

(1 Samyèl 3 ak 8)



## Lesson 2

KÈK PATI NAN LESON AN	MWAYEN METODOLOJIK	RESOUS	TAN
Ouvèti Byen vini	Salye chak patisipan, ou ka make asistans yo.	Badj	3 min.
Zòn atant	Animal jwèt (mouton ak pitit bèt) ak yon kouwòn.	Vizyèl yo, tanbouren an jwèt.	5 min.
Priyè ouvèti	Gwoup timoun yo ak yon gid ki pou priye. Anchaje pou dirije.	Men yo chak	2 a 3 min.
Chan	“Bèl nouvel” oubyen lòt show pou antre nan tèm nan.	Enstriman jwèt yo.	5 min.
Dinamik	Itilize kouwòn nan pou jwe nan “wa mande” avèk plizyè enstriksyon senp : aplodi rapid, fè tankou kana, elatriye.	Yon kouwòn an papye oubyen an jwèt, ki gen gwosè tèt timoun nan.	
Entwodiksyon Tèm nan	Montre yon kat avèk mo OBEYI epi dyaloge sou obeyisans ak dezobeyisans.	Gade rechèch la.	5 min.
Travay manyèl	Gid yo kapab ede pentire, koupe ak kole nan yon pla an katon.	Kreyon, sizo, plat, koulè, lakòl, ak kopi desen.	10 min.
Adye avèk benediksyon Bondye.	Motive yo avèk pawòl ankourajman pou yo vin obeyisan. Bay yon ti koktèl fwi kòm kolasyon alafen.	Kolasyon	5 min.

## Leson 2

### Obeyisans Sayil

Lekti biblik: 1 Samyèl 12:1-25; 13:1-14; 15:1-35

**ENTWODIKSYON:** Si yon moun mande w pou w fè yon bagay, Konbyen ou dwe fè pou ke w kapab di “Mwen fè li!!? (Dyaloge) Nouvo wa peyi Izrayèl la, Sayil, yon ti tan aprè ta vin genyen premye prèv obeyisans li devan Bondye. Èske li te reyisi nan egzamen I lan?

(Kòmanse pandan w'ap montre imaj Sayil kòm wa).

Èske w sonje ke nan lesон pase a, pèp Izrayèl te mande yon wa? Lè Sayil te vin kouwone, Samyèl te fè pèp la sonje peche yo epi pèp la te tounen vin jwenn Bondye epi pwomèt ke yo ta gen pou obeyi Bondye, rèy li a ta genyen pou li byen konsève.

Yon ti tan aprè ke Sayil te fin kouwone, Li te kòmanse anfle avèk lògèy epi kòmanse fè bagay yo selon li menm tankou prezante yon sakrifis ki pat zafè pa li. Yon ti tan aprè, Bondye te voye Sayil al detwi tout pèp Amalèk la ki te mechan anpil (pat dwe rete anyen vivan). Sayil te rasanble lame li a epi atake amalesit yo, men Sayil pat obeyi epi li te kite wa Agag ak tout bèt gra yo vivan. Si sèlman Sayil te mande Bondye pou li te obeyi li, men li pat fè sa.

Bondye te pale ak Samyèl osijè de dezobeyisans Sayil la epi sa te rann li atriste. Sayil nonm ògeye a te konstwi yon gwo moniman pou li epi konsa selebre viktwa li, li pat menm rann li kont ke se Bondye ki te ba li lavikta, epi li te menm bay Samyèl manti, pandan li te di I ke li te obeyi Bondye nan tout bagay. Samyèl te kontrekare li akoz de mank de obeyisans total li, men Sayil te kontinye plede di ke li te obeyi epi li te akize lòt sòlda nan lame I yo kòm moun ki te proteje animal yo. Samyèl te eksplike Sayil severite peche li a avèk enpòtans pou fè Bondye plezi atravè obeyisans total la.

Avèk anpil tristès, Samyèl te di Sayil konsa: "...Paske w rejte pawòl Seyè a, Seyè a rejte ou tou pou ke ou pa wa peyi Izrayèl ankò. Sayil te tonbe nan gwo tristès, Bondye te rejte li kòm wa, men menm konsa, li pat repanti de peche li a vrèman.

Samyèl te obeyi kòmandman Bondye yo epi li te touye wa Agag epi aprè sa li ale kite Sayil poukont li, wa ògeye ki te refize chèche fòs Bondye pou l obeyi a.

**DEFI :** Si w konnen Jezi, èske w ap deside chèche fòs Bondye lè w tante pou dezobeyi? Vin yon moun ki konfòm ak kè Bondye siyifi obeyisans konplèt. Epi sonje di Li mèsi pou èd li.

**ENVITASYON:** Premye etap pou obeyi Bondye se kwè nan Jezi kòm moun ki sove w anba peche. Ou menm avèk mwen merite pinisyon pou dezobeyisans nou, men Jezi te mouri epi leve vivan pou ban nou lavi ki pap janm fini an. Si w vle mete konfyans ou nan Jezi, demontre sa pandan w'ap leve men ou.

## Lesson 2

# Dezobeyisans Sayil Ia

ENSTRIKSYON :

Pentire desen an,  
koupe li epi kole li  
nan yon katon  
oubyen yon plat an  
katon, fè yon ti  
twou ladan li epi  
koke li lakay ou yon  
fason pou w kapab  
sonje sa ke w te  
aprann jodi a.

M ap yon timoun ki obeyisan



## Lesson 3

### Bondye chwazi David pou I vin Wa.

Tèks : "...Seyè a gade kè a-1 Samyèl 16 :7".

KÈK PATI NAN LESON AN	MWAYEN METODOLOJIK	RESOUS	TAN
Ouvèti Byen vini	Salye chak patisipan, ou kapab fè moun k'ap fete anivèsè yo konpliman.	Badj, ankourajman pou asistans lan	3 min.
Zòn atant	Fè yon foto David k ap pran swen mouton yo sou tab sab la. Obsève imaj yon fistibal ak yon flit.	Tab plen sab ak imaj an plastik oubyen katon.	5 min.
Priyè ouvèti	Gwooup timoun ak yon gid ki pou priye. Anchaje pou dirije.	Men yo chak	2 a 3 min.
Chan	Repase de kantik avan yo "Mwen genyen yon zanmi ki renmen mwen epi "bèl nouvèl".	CD oubyen USB avèk chan yo	5 min.
Dinamik : Bay kè a	Liy fòme, lanse yon boul avèk tigrenn yo nan direksyon twoou ki nan mi an. Timoun ki voye li epi rate a dwe repete vèsè pou aprann nan.	Panye oubyen bwat avèk yon ti poupe bebe.	5 a 7 min
Entwodiksyon Tèm nan	Kòmanse pandan w ap mande, kòman yon moun kapab vin konfòm ak kè BONDYE?	Gade rechèch la.	5 min.
Travay manyèl	Gid yo kapab ede koupe, kole epi desine avèk penti; si yo pa rive fini li, se pou y al lakay yo avèk li kòm devwa.	Penti, sizo, lakòl, ak kopi desen an.	10 min.
Adye avèk benediksyon Bondye.	Motive yo avèk pawòl ankourajman pou yo vin gen pasyans avèk ti frè yo avèk lòt yo epi fè yon priyè pou yo chak. Bay yon ti koktèl fwi kòm kolasyon alafan.	Kolasyon	5 min.

## Bondye chwazi David pou l vin Wa.

Lekti Biblik: 1 Samyèl 16 :1-13

### ENTWODIKSYON

Rèy li a pap kontinye! Seyè a chèche yon nomm selon kè li ki pou vin wa. Kòman yon moun selon kè Bondye kapab ye? Èske w se kalite moun sa? Aprè sa, Samyèl ta chèche konnen egzakteman ki kalite moun ke Bondye te vle!

Samyèl te prepare l pou kòmanse jounen li, li pat kapab sispann panse ak pèp Izrayèl la ki te vle genyen yon wa tèrè, epi kè li te atriste akoz de konpòtman wa Sayil la. Men bagay yo ta pral chanje. Bondye te genyen yon mesaj pou li: "Nan konbyen tan ankò w ap sispann kriye pou Sayil? Mwen déjà rejte li, li pap wa peyi Izrayèl ankò. Plen kòn ou avèk lwil paske m ap voye w al lakay Izayi moun peyi Bètleyèm paske gen youn nan pitit li yo gen pou l wa" Samyèl te obeyi epi vwayaje pou ale Bètleyèm epi li te envite fanmi Izayi vin ofri Seyè a yon adorasyon epi pou ofri yon animal kòm sakrifis.

Pandan ke sèt pi gran pitit Izayi yo t'ap pase devan Samyèl, li te gade pi gran an, Samyèl te panse, petèt se sa ki pi wo a ke Bondye ap chwazi kòm wa; Men Bondye te avèti Samyèl konsa : "Piga w gade sa ke w kapab wè sou deyò ni sou wotè, paske Seyè a pa gade sou sa lòm gade, paske lòm gade sou sa ke li kapab wè avèk je li, men Seyè a gade nan fon kè". Sa ki plis enpòtan nan yon moun se atitud kòrèk avèk dispozisyon kè li anvè Bondye. Samyèl te rete tann avèk pasyans, men Bondye pat chwazi okenn nan pi gran pitit yo. Samyèl mande : "èske se sèlman pitit sa yo ou genyen? Izayi reponn li : "Jiskapreza genyen yon pi piti wi, se li menm k'ap pran swen mouton yo". Samyèl di konsa : "Voye chèche li". Menm kote a yo te voye chèche ti gason ki te pi piti a, li te rele David. David se te yon ti gason byen kosto epi li te abitwe ak travay di nan goumen pou pwoteje mouton yo anba atak bêt sovaj yo" avèk fistibal oubyen flèch li yo. Lè mouton yo te konn ap repoze ak manje, David te konn repoze tou pandan li te konn soufle flit li epi chante louwanj pou Seyè a. David te kouri ale lakay papa li epi Samyèl te sezi wè David ki te tèlman jèn pou li te brav konsa. Kòman David te ye nan kè li? Bondye te di li konsa : "leve epi vide lwil sou tèt li, paske se li menm ki nouvo wa a".





Atitud kè David te fè Bondye plezi epi Bondye ta pral itilize li pou dirije pèp li a.

David te pran kòn nan ki te plen lwil epi li vide li sou tèt David, pandan li te wen li kòm pwochen wa peyi Izrayèl la, paske kè li te selon kè Bondye epi li ta genyen pou sèvi avèk David nan yon fason ki espesyal.

DEFI : Si Jezi se Sovè ou, sonje ke Bondye pral itilize w si kè w konfòm avèk li, ou dwe mete atansyon sou atitud kòrèk kè ou. Lè w poukout ou avèk Bondye, mande l pou l egzaminen kè w epi montre w si genyen yon bagay dezagreyab ladan li, mande l pou l pou l montre w ki konpòtman nan kè w ke w dwe amelyore.

ENVITASYON: Petèt lè w reflechi avèk atitud kè w anvè Bondye, konnen ke jiskapreza peche w yo mete yon separasyon ant ou menm avèk Li. Ou pa janm mande Jezi pou l padone peche w, lè Bondye wè kè ou, li wè peche ou. Men Bondye renmen ou epi li te voye Jezi pou padone peche w la. Èske w vle pou Jezi sove w anba pinisyon peche ak lanmò? Èske w vle aksepte li kòm Sovè ou? Si w vle rele Jezi, w ap montre sa pandan w ap kanpe san pale bò kote chèz ou a epi mwen pral montre w nan Bib la kòman ke ou kapab vin sove.

**Lesson 3**  
**Bondye chwazi David pou l vin Wa.**  
“Seyè a gade kè a” 1 Samyèl 16:7



## Leson 4

### David jwe mizik pou Sayil

Tèks : "...Tout sa ke w ap fè, fè li avèk tout kè ou, tankou se pou Seyè a..." Kolosyen 3 :23.

Tèks : "...Seyè a gade kè a-1 Samyèl 16 :7".

KÈK PATI NAN LESON AN	MWAYEN METODOLOJIK	RESOUS	TAN
Ouvèti Byen vini	Salye chak patisipan, ou kapab fè moun k'ap fete anivèsè yo konpliman.	Badj	3 min.
Zòn atant	Jwe flit la (ke monitris la te déjà prepare davans). Petèt nou kapab chante chan lesон pase a.	Yon flit an katon ke timoun yo kapab itilize pou yo jwe.	5 min.
Priyè ouvèti	Gwoup timoun ak yon gid ki pou priye. Anchaje pou dirije.	Men yo chak	2 a 3 min.
Chan	"Mwen vle fidèl" (wè anèks la)	Anregistremán	5 min.
Dinamik : "Glas la"	Soutni yon glas fas avèk timoun nan epi di konsa, konsa nou tout wè ou, men Bondye wè kè w epi lè sa a, montre li yon kè ki tou blan.	Glas oubyen yon kè ki kole nan yon baton an bwa.	5 a 7 min
Entwodiksyon Tèm nan	Montre de ankadremán : Imaj David k'ap jwe flit la avèk imaj Sayil ki byen move.	Gade rechèch la.	5 min.
Travay manyèl	Gid yo kapab ede nan pote flit yo ki tou koupe an katon pwès, pentire an koulè epi plase elastik oubyen fil yo; si yo pa rive fini, yo kapab pote yo lakay yo tankou devwa.	Penti, koulè ak plizyè kopi.	10 min.
Adye avèk benediksyon Bondye.	Motive yo avèk pawòl ankourajman pou itilize entèlijans yo an favè lòt yo kòm louwanj pou Bondye. Fè yon lapriyè pou yo chak. Alafen, yon ti kolasyon anfantin kòm rekompans.	Kolasyon	5 min.

## Leson 4

### David jwe mizik pou Sayil

Lekti biblik : 1 Samyèl 16 :14-23

**ENTWODIKSYON:** Nou genyen anpil priyè ekri pa David pou montre lanmou li pou Bondye. Nan ki lòt fason ou kapab montre ke kè w ranpli ak lanmou pou Bondye? Jodi a ann chèche konnen nan ki fason ke David te montre lanmou li pou Bondye.

David t'ap viv nan yon ti bouk yo te rele Bètleyèm. Pandan li te timoun, li te aprann fè kèk bagay byen. Li te konn pran swen mouton papa l yo epi mennen yo nan savann pou yo jwenn patiraj. Li te renmen mouton li yo anpil epi li te konn pwoteje yo byen. Pou li defann yo kont bêt sovaj yo, li te fè yon fistibal (montre fistibal ke w te fè a). Li te pran yon ti wòch swa epi mete li nan fistibal li, avèk yon vire, vire epi vire, li te konn lanse l'. Li te tèlman brav, genyen yon lè li te touye yon Lyon ki te vle vòlò yon mouton li. Men genyen yon bagay ke li te renmen fè espesyalman; se te jwe flit li (montre flit la epi fè l sonnen). David te pwofite moman trankil mouton li yo pou l te chante ak fè repetisyon (pa fwa se fistibal li, pa fwa se flit li) men li te toujou ap pratike pou li amelyore. Li te vle jwe pi bon melodi yo pou fè louwanj Seyè a.

Se wa Sayil ki t'ap gouvène peyi kote David t'ap viv la. Sayil t'ap gouvène sou anpil moun epi li te genyen anpil sèvitè, men..., li pat alèz. Genyen kèk okazyon kote ke li pat santi l byen. Epi lè Sayil pat santi l byen, li te vin byen move epi pat genyen okenn remèd ki te pou ede li. Yon jou, sèvitè li yo al kote li epi di l konsa: - Mèt, pèmèt nou chèche yon moun ki jwe flit byen. Petèt mizik dousman an kapab fè w santi mye-.

Sayil di tou move:-Mj, Mj! Bon, ebyen chèche youn non, men fòk li kon jwe BYEN. Epi mennen li vin jwenn mwen. Mj, Mj! Konsa youn nan sèvitè yo te di li : -Mwen rekonèt yon jèn ti gason ki konn jwe mizik byen epi l'ap viv nan vil Bètleyèm, anplis de sa, li brav anpil, li fò, pridan, bèl epi Bondye ansam avèk li-. Wa a te reponn : Mwen pral pase papa l lòd pou nou pran li mennen isit la. Mj, Mj! Se konsa papa David te resevwa mesaj la : "Wa voye di w pou w voye pitit ou a David al jwenn li". Asireman, li te obeyi menm kote a. Byen rapid, David te gentan rive nan palè wayal la. Li pat yon bagay ki te fasil pou David te kite lakay li epi kite fanmi li ak ti mouton l yo. Palè a te byen lwen epi wa a te yon vilen, men li te konfye li ke Bondye ta va ede li, epi se konsa sa te pase.

Wa sayil te pèdi espwa, men lè David te kòmanse jwe mizik pou li, wa a te santi l fè mye epi li te renmen sa anpil. Ala yon bèl mizik sa! David te rete nan palè a pandan yon bon bout tan ap jwe mizik pou wa a chak fwa ke li te santi li boulvèse. David te dwe santi l byen kontan paske kounye a li te genyen chans pou sèvi wa peyi l, pandan li t ap sèvi avèk kapasite ke Bondye te ba li epi konsa montre lanmou li pou byen wa a.

**DEFI :** Si Jezi te padone peche w yo, li pral itilize w pou w ede ak sèvi lòt yo. Mande Bondye sekou li nan lapriyè pou w itilize kapasite ke li te ba ou yo pandan semèn nan epi montre yon kè ki ranpli ak lanmou Bondye pandan w ap itilize entèlijans ak kapasite w yo pou w ede lòt yo.

**ENVITASYON:** Si ou santi w pa genyen kapasite pou w ede lòt yo, se paske peche fè w ale lwen Bondye. Mande Jezi nan lapriyè pou li padone w, kite peche w epi w ap jwenn lavi ki pap janm fini an, lavi nan syèl la epi l'ap fè w vin yon pitit Bondye ki ranpli ak lanmou avèk gwo kapasite ak opòtinite pou sèvi lòt yo epi montre yon kè ki konfòm avèk kè Bondye


### David

Aktivite 2

Modèl Mare oubyen eslastik

# David

- Pentire flit la avèk si.
- Koupe flit la kote yo endike w la  
Kole flit la sou yon papye katon  
oubyen mare yon elastik ki fen nan  
plas kote yo endike w la pou w fose  
kòd flit yo.
- Mare fisèl la epi kite enstriman an  
pandye sou kou timoun nan kòm  
modèl ki anwo a.



## Lesson 5

### Bondye itilize sa ki pi piti a

Tèks : "Li pi bon pou ou mete konfyans ou nan Seyè a pase pou w mete konfyans ou nan lòm". Sòm 118 :8

KÈK PATI NAN LESON AN	MWAYEN METODOLOJIK	RESOUS	TAN
Ouvèti Byen vini	Salye chak patisipan, ou kapab pran nòt asistans lan.	Badj	3 min.
Zòn atant	Jwèt ke gid yo te déjà prepare davans : fistibal, wòch, epe, kas, pwotèj, elatriye.	Yon flit an katon ke timoun yo kapab itilize pou yo jwe.	5 min.
Priyè ouvèti	Gwoup timoun ak yon gid ki pou priye. Anchaje pou dirije.	Men yo chak	2 a 3 min.
Chan	Chan David ak Golyat	Anrejistreman	5 min.
Dinamik	Kole sou miray la, yon senp silwèt sou yon nonm ki mezire 3.50 cm, epi pèmèt timoun yo make pwòp wotè pa yo nan silwèt la epi konpare wotè yo.	Glas oubyen yon kè ki kole nan yon baton an bwa.	5 a 7 min
Entwodiksyon Tèm nan	Tankou loraj, yon vwa fè eko nan fon an, li te entimide menm kriminèl ki pi mechan an. Ki sa ke yo ta kapab fè?	Gade rechèch la.	5 min.
Travay manyèl	Gid yo kapab ede yo pentire; si yo pa rive fini, yo kapab pote yo lakay yo tankou devwa.	Penti, koulè ak plizyè kopi.	10 min.
Adye avèk benediksyon Bondye.	Motive yo ak mo ankourajman pou ke yo kapab genyen kouraj ak konfyans nan Bondye, lè santi yo menase. Fè yon lapriyè pou chak. Nan fen an, bay yon fwi kòm ankourajman	Kolasyon	5 min.

## Leson 5

### Bondye itilize sa ki pi piti a

Lekti Biblik : 1 Samyèl 17 :58

#### ENTWODIKSYON

Tankou loraj, yon vwa a repete nan fon an. Sa a pa t yon sòlda komen epi kouran ki t ap kriye di, men menas. Li te pi gran, pi gwo kriminèl ke mwen pat janm konnen avan! Kisa yo ta kapab fè?

Lame pèp Izrayèl la ak lènmi yo ki te moun peyi Filisti yo moute kan yo sou mòn yo. Moun Filisti yo te gen yon gwo jeyan ki rele Golyat. Chak jou Golyat defye pèp Izrayèl la pou voye yon nonm al goumen avèk li. Sayil ak tout lame l 'yo te pè anpil.

Pandan ke David te lakay li ap pran swen mouton yo, papa l 'mande l' pou l te pote manje bay frè li yo ki te nan lame pèp Izrayèl la epi pote nouvèl sou yo. David leve byen bonè epi pou kite kan an. Lè yo rive, David te kite manje a avèk moun ki te responsab pou kenbe manje yo epi li te ale sou mòn nan kote kote frè l yo te ye a, yo menm ki te sanble pat konprann li, men yo te louvri men ak je epi byen pè! Lè sa a, David tande yon gwo rèl ki te sanble vle deplase

tè a: "Poukisa nou te kanpe pou nou batay? "Mwen ban nou defi, chwazi yon moun pou goumen avè m '! "David pa t' kapab kwè ke frè l yo ak lòt sòlda yo te pè konsa",. Li te mande : "Kilès sòlda Filisti sa a ye ki te defye lame Bondye vivan an?

David di konsa : - Mwen pare pou m goumen avèk li.


Lè wa Sayil te tande sa, li te voye rele l. David te di wa a konsa : "Piga pèsòn pè gwo potorik gason an. Mwen menm, sèvitè w la, mwen prale epi goumen avèk filisten sa. Sayil te reponn li : "Ou pap kapab goumen kont gwo gason sa. Ou pa plis pase yon jèn ti bway, epi li men gwosè, li fò epi li antre pou batay".

Men David pat kite y'ap vin dekoraje li konsa li di konsa : "Lè mwen t'ap pran swen mouton yo, mwen te touye yon Lyon avèk yon chen mawon ak pwòp men mwen pandan yo t'ap avanse sou mouton mwen yo. Gwo nonm pèvèti sa, li menm ki te bay Bondye defi a, l'ap genyen pou l vin tounen youn nan bèt sovaj sa yo pou mwen. Seyè a te libere mwen anba grif Lyon ak chen mawon, epi li va delivre mwen anba men filisten an. Wa te mete pwòp zam li yo sou David avèk kas metal li a epi li di David konsa : "Mwen pa kapab al goumen avèk sa", pandan li t'ap retire tout. "Mwen pa gen abitid goumen ak pil zam sa yo". Ebyen, se sèlman ak inifòm gadò mouton li, David te kouri al nan rivyè a, avèk anpil atansyon li te pran senk ti wòch epi mete yo nan sakit gadò li epi li te genyen fistibal la kenbe nan men li.

Zotobre a te wè David ak ti fistibal li, li te fache paske li te wè se te yon timoun, epi li te rele sou li : "Kòm si la a, mwen se kèk chen, w'ap mache sou mwen avèk yon ti baton? Vini non, mwen pral bay bèt ak zwazo nan bwa manje vyann ou".

David rele di byen fò : "W ap mache sou mwen avèk epe, lans avèk javlo, men mwen menm m'ap mache sou ou nan non Seyè a. Jodi a menm, l ap lage w nan men mwen epi tout moun va konnen ke Li se Bondye ki vivan an. Batay la se pou Seyè a epi li va ban mwen laviktwa". David kouri sou Golyat, li foure men nan pòch li epi pran yon ti wòch, li ranje li nan fistibal li, li fè l vire epi li te lanse yon ti wòch ki te pran gwo zotobre a nan fwon ki epi menm kote a li te tonbe atè a tou long epi mouri. David te pran epe Golyet la epi koupe tèt li, se konsa tout filisten yo te kouri paske yo te pè anpil. Pèp Izrayèl la te kouri dèyè yo pandan yo te kontan anpil pou laviktwa yo a.

Lè w kòmanse santi w fèb, sonje ke ou genyen yon Bondye ki fò epi ki gran ki vle ede ou pou w vin brav ak entelijan. Avèk sekou Bondye ak pwoteksyon li, ou pa bezwen enkyete w.



## Lesson 6

### Sayil, nonm jalou a ap bat pou I touye David

Tèks: "Se pou nou vin yon lòt kalite moun jan Bondye vle l' la, pou nou sanble ak li pou nou ka mennen yon lavi ki dwat, yon lavi ki apa pou Bondye, jan verite a mande l' la"

KÈK PATI NAN LESON AN	MWAYEN METODOLOJIK	RESOUS	TAN
Ouvèti Byen vini	Salye chak patisipan, ou kapab tou fè moun k'ap fete anivèsè yo konpliman tou.	Badj	3 min.
Zòn atant	"Plizyè kwa an koulè" dore, nwa, wouj ak blan, pale ak chak timoun osijè de yo chak.	Youn oubyen plis jwèt kwa an koulè yo.	5 min.
Priyè ouvèti	Gwooup timoun ak yon gid ki pou priye. Anchaje pou dirije.	Men yo chak	2 a 3 min.
Chan "Fè yon ti kanpe, mwen pral rakonte ou"	Pèmèt timoun yo itilize siyal trafik youn aprè lòt pou yo chante.	3 Siyal trafik yo : Kanpe, Kite pase, Kontinye	5 min.
Dinamik "Chwazi"	Plase rad sal, avèk move odè, pwòp epi ki genyen sant pafen pou w mete nan bwat ki la pou sa a.	De bwat: youn chire epi sal ak pawòl jalouzi, lòt la dwe byen pwòp, avèk yon kè ak pawòl ki sen oubyen san tach.	5 a 7 min
Entwodiksyon Tèm nan	(Itilize imaj yon timoun k'ap mal pale). Pwoblèm Kalòs la se te jalouzi. Kisa kip ase si w pa kapab rete san w pa fè jalouzi?	Gade rechèch la.	5 min.
Travay manyèl	Gid yo kapab ede yo; si yo pa rive fini, yo kapab pote yo lakay yo tankou devwa.	Kreyon, koulè ak plizyè kopi desen.	10 min.
Adye avèk benediksyon Bondye.	Motive yo ak Pawòl la pou chèche sa ki bon nan lòt yo epi di mèsi pou moun sa yo. Fè yon priyè pou chak. Nan fen an, bay yon fwi kòm ankourajman	Kolasyon	5 min.

## **Leson 6**

### **Sayil, nonm jalou a ap bat pou I touye David**

#### **ENTWODIKSYON**

Pwoblèm Kalòs la se te jalouzi. Li te vle tout atansyon. Li te fè jalouzi kont tout moun: frè li, sè li, plizyè lòt timoun avèk pi bon zanmi l la. Malgre Kalòs te kretyen, nan nенpòt moman ke lòt yo pral resevwa konpliman, li te fache epi gen remò, èske w te konn santi w menm jan avèk Kalòs pa fwa? Kisa ki rive lè jalouzi yo kontwole w konplètman? Ann koute istwa a pou w kapab dekouvri li.

Aprè viktwa David sou Golyat ak filisten yo, li t'ap viv lakay Sayil. Sayil te genyen yon ptit gason ki te rele Jonatan ki te vin zanmi David. Kòm David te toujou aji avèk pridans nan tout sa ke li t ap fè, Sayil te fè David vin tankou yon kòmandan, konsa tout moun te respekte li epi li te domine sou tout sèvitè ak tout pèp la.

Yon jou, pandan Sayil ak David te soti nan yon batay, Sayil te tandé yon gwoup fanm ki t'ap selebre avèk yon chan ki di, viktwa yo se pou David. Sayil te fache epi kòmanse fè jalouzi akoz de fanatik David yo epi yon jou konsa, pandan David t'ap jwe flit la pou kalme Sayil, li rale lans li epi lanse l de fwa kont mi kote David te kanpe a, men David te gentan chape pouli. Sayil voye David ale yon lòt kote, men Bondye te kontinye beni David avèk anpil siksè epi tout moun te renmen li. Se poutèt sa, Sayil te vin pi jalou toujou, konsa, li te rele Jonatan avèk sèvitè li yo pou fè konplo touye David. Men Jonatan ptit Sayil la te tèlman renmen zanmi li David, li fè l konnen : "Papa m vle touye w, al kache epi mwen pral pale avèk li pou m kapab fè w konnen sa ke li panse fè". Jonatan te pale ak papa li an favè David: "Pou ki rezon w vle touye David san okenn koz?, epi li sipriye l pou l te tounen sou desizyon an. Sayil te koute Jonatan epi li te pwomèt li ke li ke li pap touye David ankò, epi David te retounen nan palè a. Aprè yon moman lapè toukout, Sayil tante touye David avèk lans li a yon lòt fwa ankò, men, David te kouri epi chape pouli nan sware sa.






Sayil te vyole pwomès li te fè a! Pandan li te refize chèche sekou Bondye, jalouzi wa Sayil la te anvayi li konplètman epi yo te mennen li fè bagay ki terib anpil! Epi li te sispek ke se David ki sanble moun ki ta kapab vin ranplase li kòm wa.

**DEFI :** Si w mete konfyans ou nan Jezi kòm Sovè ou, mande sekou Bondye, pou w kapab di NON avèk peche jalouzi yo epi vin yon moun ki ranpli avèk jistis ak sentete, konfòm avèk kè Bondye.

**ENVITASYON :** Petèt ou pat janm kwè nan Jezi epi joudi a ou rann ou kont ke w te peche, ou te dezobeyi kòmandman Bondye yo epi ou merite pinisyon; men lanmou Bondye pran pinisyon an pou peche w yo epi li ba ou kado lavi ki pap janm fini an. Èske w ap mete konfyans ou nan li jodi a pou w kapab genyen lavi ki pap janm fini an?

# KISA KI NETWAYE KÈ MWEN?

*Jezi sove nou!*



## Lesson 7

### Yon vrè zanmi

Tèks : "Yon bon zanmi p'ap janm trayi. Jou malè l'ap tankou yon frè pou ou (Pwovèb 17 :17).

KÈK PATI NAN LESON AN	MWAYEN METODOLOJIK	RESOUS	TAN
Ouvèti Byen vini	Salye chak patisipan, yo kapab salye an koup.	Badj	3 min.
Zòn atant	Imaj timoun k'ap jwe ak ti zanmi yo epi pataje ansanm. Imaj David ak Jonatan.	Ankadreman, foto ak figi, imaj.	5 min.
Priyè ouvèti	Gwooup timoun ak yon gid ki pou priye. Anchaje pou dirije.	Men yo chak	2 a 3 min.
Chan	"Mwen vle vin fidèl" (wè anèks la)	Akonpayman mizikal	5 min.
Dinamik "yon vrè zanmi"	Di timoun yo nan ki fason pou nou trete zanmi nou yo. Montre vizaj ki kontan oubyen vizaj tris daprè ka a.	Yon ti moso papye pou chak timoun ki genyen yon figi k'ap souri yon kote ak yon lòt figi ki tris nan lòt kote a.	5 a 7 min
Entwodiksyon Tèm nan	Zanmi yo se trezò, yo toujou bò kote nou nan tout moman. Zanmi yo ede ak pwoteje youn lòt.	Gade rechèch la.	5 min.
Travay manyèl	Gid yo kapab ede yo utilize penti yo; si yo pa rive fini, yo kapab pote yo lakay yo tankou devwa.	Kreyon, penti ak plizyè kopi desen.	10 min.
Adye avèk benediksyon Bondye.	Ankouraje yo demontre ke yo se zanmi lòt yo epi fè yon priyè pou yo chak. Nan fen an, bay yon bonbon oubyen yon pen pou yo pataje.	Kolasyon	5 min.

## Leson 7

### Yon vrè zanmi

1 Samyèl 20 :1-42

#### ENTWODIKSYON

Zanmi yo se wòch ki chè ke Seyè a mete nan men nou. Li bò kote nou toutan pou ede ak pwoteje nou. Konbyen zanmi w genyen? Èske w ba yo valè, èske w ede yo? Èske w sousye pou yo? Istwa jodi a pral ede nou vin zanmi ki gen lanmou epi fidèl.

Palè wa Sayil la te vin pat yon kote ki gen pwoteksyon ankò pou David, konsa li te kache pandan yon tan. Aprè sa, an sekrè, li te leve al wè Jonatan epi li di l konsa : Kisa mwen fè ki mal? Nan ki fason mwen te ofanse papa w ki deside touye m nan? Jonatan te fè yon gwo rèl : “Non, sa pa kapab fèt! Papa m pap fè yon bagay san ke li pa fè m konnen. Kòman mwen kapab ede w? Kisa w vle m fè pou ou? M’ap fè nenpòt sa ke w vle a. David reponn li: “Papa w konnen kòman nou youn renmen lòt”. Li pap di nan ki pwofondè ke li rayi m. Li konnen ke sa ap rann ou atriste”. Jonatan te santi li mal alèz akoz de pawòl David yo. Li te renmen zanmi l lan. David te di li konsa : “Demen mwen pap vin nan fèt k’ap gen pou selebre nan palè a, konsa ou va di papa w pou li padone mwen paske mwen pa la, m’al wè fanmi m yo. Si papa w fache pou sa, ou mèt konnen ke li toujou gen lide touye m nan epi ou va fè m konn sa”. Jonatan di konsa : “Bondye temwen m ke m ap fè w konnen si papa vle touye w pou w kapab kouri. Aprè sa yo te siyen yon kontra epi Jonatan te di konsa : “Pwomèt mwen, David ke w’ap genyen pitye pou fanmi m yo; epi solanèlman David te fè pwomès la lè li te di : “Mwen va fè sa”.

Jou fèt la, Sayil te fache anpil paske David pat la epi li te di pitit Jonatan konsa : “Mennen l vini paske l’ap mouri”, Jonatan mande li : “Ki bagay ki mal ke li te fè?”. Figi wa a te vin tou wouj tèlman li te fache, li te leve, li pran lans li a epi lanse l kont pwòp pitit li a Jonatan! Ala difisil sa te difisil pou li te toujou rete zanmi David nan moman sa a! sepandan, Jonatan te pral akonpli pwomès li a akoz de gwo pwomès ke li te fè David la.

Atravè yon plan ki te fèt ant yo de a, Jonatan te fè David konnen ke li te dwe al kache akoz de Sayil. David avèk Jonatan te di adye avèk dlo nan je. Tou de zanmi yo te anbrase youn lòt ak dlo nan je. Ala tris sa tris pou de moun separe! Finalman, Jonatan di konsa: “Ale ak kè poze, David. Nou pap janm bliye pwomès ke nou te fè youn ak lòt. N’ap genyen yon mizèrikòd mityèl pou fanmi youn avèk lòt”. Konsa, David te ale pou l al kache epi Jonatan te retounen nan palè a.

DEFI: Kòm pitit Bondye, ou dwe pwoteje zanmi w yo, ba yo tan epi pare pou w akonpanye yo, ede kèk nan yo konnen Jezi, vin yon zanmi pou timoun ki sèl oubyen difisil yo epi vin yon bon egzant pou yo. Di Seyè a mèsi pou bèl kado ke li ba ou ki se genyen zanmi epi dèske Li menm li se zanmi ou.

ENVITASYON: Jezi te montre lanmou li pou ou lè li te mouri pou padone peche w epi sove w anba lanmò, Li te bay pwòp lavi li pou ke w pa pini akoz peche w epi pou w kapab genyen lavi ki pap janm fini an nan syèl la. Li vle vin zanmi ou epi vle konseye w pou w chwazi pi bon zanmi pou w pase tan w yo. Èske w vle pou Jezi vin Sovè ak pi bon zanmi ou?

Bondye vle pou nou ede lòt yo



## Leson 8

### David respekte lavi Sayil.

“Men mwen menm men sa ke m’ap di nou kounye a : Se pou nou renmen lènmi nou yo epi priye pou moun k ap maltrete nou yo”. Matye 5 :44.

KÈK PATI NAN LESON AN	MWAYEN METODOLOJIK	RESOUS	TAN
Ouvèti Byen vini	Salye chak patisipan, ou kapab ekri non moun k ap asiste yo.	Badj	3 min.
Zòn atant	Jwen nan tab ki ranpli ak sab la, pandan w ap plase twou, David, palè a, wa a avèk sòlda li yo.	Bwat oubyen tab plen sab, imaj an papye ou plastik.	5 min.
Priyè ouvèti	Gwoup timoun ak yon gid ki pou priye. Anchaje pou dirije.	Men yo chak	2 a 3 min.
Chan	“Gen viktwa pou mwen” (wè anèks la)	Anrejistreman, CD oubyen USB	5 min.
Dinamik : Bay kè a	Kache kè yo nan sal la. Chak timoun yo dwe jwenn kè ki gen non pa yo a epi kole li nan mi an, nan kè gwo zotobre a. Gid la li. “Mari...konfòm ak kè Bondye” Luis...konfòm ak kè Bondye” elatriye.	Kè ki genyen plizyè koulè avèk non timoun nan. Kè gow zotobre a avèk fraz “Konfòm avèk kè Bondye”	5 a 7 min
Entwodiksyon Tèm nan	Èske yon fwa ou te tèlman fache kont yon moun epi ou te vle vanje tèt ou? David te soufri anpil move tretman. Kisa w ta fè ou menm?	Gade rechèch la.	5 min.
Travay manyèl	Gid yo kapab ede yo pentire; si yo pa rive fini li, se pou y al lakay yo avèk li kòm devwa.	Kreyon, koulè ak kopi desen an.	10 min.
Adye avèk benediksyon Bondye.	Motive yo avèk pawòl ankourajman pou yo vin gen pasyans avèk ti frè yo avèk lòt yo epi fè yon priyè pou yo chak. Bay yon ti koktèl fwi kòm kolasyon alafan.	Kolasyon	5 min.

## **Leson 8**

### **David Padone lavi Sayil**

**1 Samyèl 24 :1-22**

#### **ENTWODIKSYON**

Èske w te tèlman fache kont yon moun ki fè ke w te menm vle vanje tèt ou? David te soufri anpil move tretman epi yon jou li te jwenn opòtinite pou l te ranje bagay yo. Kisa w ta fè ou menm? Nan istwa jodi a, nou pral w kòman David padone epi montre lanmou ak bonte.

Paske li te pè `pou lavi li, David te kache pou wa a nan plizyè ti bouk ak anpil twou wòch. Lè zanmi li yo te tande nouvèl sa yo, anpil ladan yo te deside mete tèt yo ansanm avèk li jouskaske yo te rive vin fòme yon gwo gwoup gason ki te kache ansanm avèk li ki te kache epi pare pou goumen. Sayil te chèche David chak jou epi David te pran anpil prekosyon pou l te kache. David avèk mesye pa l yo te kache nan yon twou wòch nan dezè a.

Sayil te pran 3000 sòlda pou l te chèche David nan dezè a epi li te fè yon ti kanpe pou l te repoze nan menm twou wòch kote David ak mesye pa l yo te kache a, li menm avèk sòlda li yo te fèmen je yo epi dòmi te pran yo nèt san konnen anyen ki t'ap pase. David avèk moun pa li yo te sòti nan twou a san fè bwi. David te koupe yon ti pwent nan manto Sayil la, san li pat touye wa a, kòm mesye l yo t'ap ankouraje li fè sa : "Kounye a ou menm ou kapab touye li epi w'ap gen repo". Men, David pat tante touye wa a, ni pèmèt mesye l yo fè sa, yo te refize fè minis Bondye a mal.


Lè Sayil avèk mesye l yo te fin elwaye yo de twou wòch la, David te soti nan twou wòch la epi li te rele wa a pou montre li mòso manto a epi montre li ke li te padone lavi li epi mande li pou l te sispann pèsekisyon an. Sayil te repanti epi rekonèt nominasyon David kòm wa epi li di l konsa : "Ou pi bon moun pase mwen, ou fè sa ki byen an favè mwen pandan ke mwen menm mwen t ap chèche touye ou". Epi se konsa Sayil te leve epi ale lakay li.

David te chwazi padone epi fè byen olye pou l te chèche vanje tèt li.

**DEFI :** Si w konnen Seyè Jezi kòm Sovè ou, fè byen pou menm moun ki te maltrete ou la.

Mande Bondye pou l ba ou lanmou pou moun sa yo epi ede w aprann padone.

**ENVITASYON :** Ou pa kapab eksperimante lanmou ak padon Bondye, toutotan ou pokò fè eksperyans lan ou menm pèsonèlman. Kwè avèk tout kè w ke Seyè Jezi te mouri pou ou epi pote fado w yo, kidonk, jodi a ou kapab genyen lavi ki pap janm fini an.



## Lesson 9

### David fè lapè

Tèks : "Se pou nou viv nan lapè epi Bondye ki bay kè poze ak lanmou an va rete avèk nou" 2 Korentyen 13 :11b.

KÈK PATI NAN LESON AN	MWAYEN METODOLOJIK	RESOUS	TAN
Ouvèti Byen vini	Salye chak patisipan, ou kapab tou fè moun k'ap fete anivèsè yo konpliman tou.	Badj	3 min.
Zòn atant	Jwe avèk kat memwa ki genyen imaj mouton, kabrit, fil, sizo ak gadò mouton.	Imaj	5 min.
Priyè ouvèti	Gwoup timoun ak yon gid ki pou priye. Anchaje pou dirije.	Men yo chak	2 a 3 min.
Chan "Fè yon ti kanpe, mwen pral rakonte ou"	Pèmèt timoun yo itilize siyal trafik youn aprè lòt pou yo chante.	Anrejistreman, CD oubyen USB	5 min.
Dinamik	Fè yon wonn kote ap genyen yon timoun nan mitan avèk yon boul ke li pral voye sou youn nan kamarad li yo epi di : "lapè avèk ou e avèk fanmi ou" "Pa goumen, konsève lapè" "Fè byen nan plas mal".	Boul	5 a 7 min
Entwodiksyon Tèm nan	Kisa w fè lè w fache kont yon moun? Kòman w santi w lè yon moun mete li an kolè kont ou? Èske David ta mete li an kolè kèk fwa? Ann gade...	Gade rechèch la.	5 min.
Travay manyèl	Gid yo kapab ede yo pentire; rekoupe ak kole Naaman nan yon ti bwa pou pote lakay epi rakonte lòt yo istwa a.	Kreyon, koulè ak plizyè kopi desen.	10 min.
Adye avèk benediksyon Bondye.	Ankouraje yo konsève lapè epi vin tounen ajan lapè avèk lòt yo. Fè yon priyè pou yo chak. Nan fen an, bay yon fwi kòm ankourajman.	Kolasyon	5 min.

## Lesson 9

David fè lapè

1 Samyèl 25:1-35

### ENTWODIKSYON

Kisa w fè lè gen yon moun ki fache kont ou? Kisa w fè lè yon moun mete li an kolè kont ou? Pafwa nou konn santi anvi pou nou goumen ak lòt moun yo olye pou nou renmen yo. Èske David ta renmen tout moun, menm lènmi li yo, nan tout okazyon? Oubyen, èske li ta mete li an kolè kèk fwa? Ann gade.

David ak zanmi li yo te kache pou Sayil pandan anpil tan. Malgre David te lwen lakay li, li te rann li kont ke li ta kapab ede lòt moun. Li menm avèk zanmi l yo te pwoteje mouton yo avèk gadò mouton yo, nan pwoteje yo kont vòlè ki te konn tante vòlò epi touye mouton yo. Kòm rezulta, mèt mouton yo te ba yo manje. Nan menm tan an tou, gadò mouton yo te fè yon gwo fèt.

Nabal se te yon nonm ki te rich anpil epi li te posede plizyè milye mouton ak kabrit. Li te fè yon gwo fèt pou gadò mouton li yo. Konsa, David dis nan mesye li yo pote salitasyon bay Nabal, pou fè li sonje ke yo te konn pwoteje gadò mouton l yo ak mouton li yo epi mande l pou l te pataje manje fèt la avèk yo tou. Nabal te konnen kimoun David te ye, men li te inyore li epi reponn konsa : “Kilès moun ki David sa a? Mwen pap pran manje gadò mouton mwen yo epi bay yon enkoni oubyen delenkan li”.

Lè David te pran nouvèl sa, li te tèlman fache, li te pran zam li epi ale lakay Nabal ansanm avèk mesye li yo. Men, yon sèvitè Nabal te tande demann David la, li te kouri kote Abigayil, madanm Nabal la epi di l konsa: “David te voye salye mari ou epi mande pou l te pataje manje a, men mari w mal aji fas ak demann lan, malgre ke yo te konn pwoteje nou ansanm ak mouton nou yo. Asireman, David pral pini Nabal, kidonk, ou dwe fè yon bagay”.

Abigayil te pè twouble anpil. Li menm ansanm ak tout fanmi li te an danje! Menm kote a yo te mennen plizyè bourik ba li pou chaje yo avèk pen, diven, vyann ak rezen, epi li di sèvitè li yo konsa : “Nou mèt mache devan, m'ap swiv nou”. Nan mwatye wout, Abigayil leve tèt li epi li te wè David k ap vini avèk mesye li yo byen fache epi byen ame, pare pou goumen. Li te tande David ki t'ap di konsa : “Nou te pwoteje mouton ak gadò li yo, epi kounye a li pale mal avèk mwen konsa, mwen pwomèt ke pap rete ni yon gason vivan lakay li”. Lè Abigayil te rankontre avèk David, li te desann bourik li epi bese tèt li tous atè devan David, li t'ap evite yon goumen. Epi li di David konsa : “Tanpri, mwen sipriye w pou w tandé pawòl mwen yo. Padone Nabal paske li te aji tankou yon vye egare. Aksepte kado sa pou sólda ou yo. Lè w va vini kòm wa peyi Izrayèl, ou pap vle sonje ke yon jou ou te fache anpil epi ou te touye kèk gason; li pi bon pou w montre bonte epi fè byen nan plas mal. David te reponn : Se pou non Seyè a Bondye Izrayèl la beni, li menm ki te voye w vin rankontre avèk mwen, se pou pawòl ou yo beni avèk tout ou menm ki fè mwen pa fè san koule jodi a.

David te aksepte kado Abigayil yo epi li di l konsa : “Ale lakay ou avèk kè poze”. Ala Abigayil te santi li kontan pou l te retounen lakay li! Li te yon vrè ajan lapè!!!

## Lesson 9

Repwodwi meday yo, youn pou chak timoun epi ekri tèks la dèyè a.

Fè twou epi ajoute yon fil pou li kapab koke nan kou a.



## Lesson 10

### David padone yon lènmi

“Okontrè, se pou nou aji byen yonn ak lòt, se pou nou gen bon kè yonn pou lòt, pou nou yonn padonnen lòt, menm jan Bondye te padonnen nou nan Kris la”. Efezyen 4:32.

KÈK PATI NAN LESON AN	MWAYEN METODOLOJIK	RESOUS	TAN
Ouvèti Byen vini	Salye chak patisipan, ou kapab ekri non moun k ap asiste yo.	Badj	3 min.
Zòn atant	Chèche lèt ak imaj ki kache yo nan sal la. Koke yo nan liy lan (utilize lèt kòm gid pou lòd ak sekans chak lèt). Kole yon ikonn devan mo a avèk youn nan fen an)	Liy pou tann rad, 6 kat ki genyen lèt mo yo “padon”, 2 ikonn ki mande padon ak yon lèt avèk mo “padon”.	5 min.
Priyè ouvèti	Gwoup timoun ak yon gid ki pou priye. Anchaje pou dirije.	Men yo chak	2 a 3 min.
Chan	“Bon nouvèl”	Anrejistreman, CD oubyen USB	5 min.
Dinamik “Chèz mizikal yo”	Tout moun chita sou chèz yo ki sou fòm yon wonn. Pandan mizik la ap jwe, retire yon chèz epi timoun yo dwe ap fè wonn yo. Lè mizik la kanpe, yo tout ap chita epi sa ki rete san chèz la ap di rès yo konsa: “Mwen padone nou” epi l’ap chita deyò wonn nan.	Chèz avèk mizik	5 a 7 min
Entwodiksyon Tèm nan	Kisa padone a vle di? Lè yon moun mechan avèk ou, èske w padone li? Jodi a nou pral wè kijan David te padone yon moun.	Gade rechèch la.	5 min.
Travay manyèl	Gid yo kapab ede yo pentire; rekoupe ak kole Naaman nan yon ti bwa pou pote lakay epi rakonte lòt yo istwa a.	Kreyon, koulè ak kopi desen an.	10 min.
Adye avèk benediksyon Bondye.	Ankouraje yo fè lapè epi vin yon ajan kè poze avèk ti frè yo ak lòt yo. Fè yon priyè pou yo chak. Bay yon ti koktèl fwi kòm kolasyon alafan.	Kolasyon	5 min.

## Leson 10

### David padone yon lènmi

2 Samyèl 15 :13-17; 16 :5-14; 19 :14-23

#### ENTWODIKSYON

Èske yo te ofanse w yon fwa? Kòman w te santi ou? Èske genyen yon moun ki mechan avèk ou? Koute istwa jodi a epi wè kòman David te padone yon moun.

Wa Sayil te vin mouri nan yon batay epi se David ki te vin nouveau wa nan plas li, men, pwoblèm li yo pat fini. Pwòp ptit li te vle vin wa epi bay pèp la move rapò sou papa li.

Se tris pou wè kijan pèp la te pèdi konfyans nan David epi li te oblige kouri kite palè li a. Pandan li t ap pase nan yon ti tèritwa, genyen yon nonm ki rele Simeyi ki te kouri dèyè li pou joure l ak pawòl byen sal, "Asasen, se oumenm ki te touye wa Sayil", aprè sa, li voye wòch avèk tè sou David, zanmi l avèk sèvitè li yo. Zanmi wa a yo te sezi epi fache anpil lè yo te tandem pawòl sal sa yo epi yo te mande wa a pèmisyon pou yo te koupe tèt li. Sepandan, wa David pat men fache, ni nève fas ak pawòl e aksyon nonm sa, li pat fè anyen ki mal, men pito li te rann byen nan plas mal Sayil la. Konsa, li te di zanmi li Abisayi konsa : "Anh, Piga nou koupe tèt li, kite l ofanse mwen. Se Bondye ki pèmèt li e mwen pap fè l anyen.

Yon jou, ptit David ki te vle vin wa a te mouri nan yon batay, se lè sa ke David te kapab retounen nan palè a. Yon gwo foul moun te rete ap tann li pou di l byen vini. Ki kalite gwo sipriz ke wa David te pran, lè li te voye je li, li te wè Simeyi nan mitan foul moun yo, menm non ki te ofanse l, voye wòch ak tè sou li a! Simeyi te kouri vini yon lòt fwa ankò epi li te tonbe fas ba devan David epi di li konsa : "Se pou wa a pa sonje sa ke mwen te fè a ki te tèlman sal jou sa lè li t'ap soti nan vil la. Mwen te peche lè mwen te ofanse li epi se poutèt sa ke mwen vini pou mwen rankontre wa m nan epi di l byen vini". Zanmi David la, Abisayi te sonje tout bagay epi li te di wa konsa : èske Simeyi pa dwe mouri dèske li te ofanse wa a? Wa David te reponn li konsa : "èske yon nonm dwe mouri jounen jodi a?", Nan jou sa kote mwen tounen vin wa pèp Bondye a". Se te yon jou fèt pou David, li te santi yon espri de padon avèk remèsiman anvè Seyè a sèlman pou bonte li yo. David vire gade Simeyi, ki te toujou fas atè, ap rete tann padon oubyen pa jwenn padon. – David di konsa : "Ou pap mouri". Nonm nan te jwenn padon!!


Ann priye mande Seyè a sekou li pou nou aprann padone lè yo fè nou sa ki mal.

DEFI : DEF I: Bondye te tèlman padone w anpil fwa, L'ap atann pou w padone lòt moun menm si li sèvi avèk ou mal.

Li pa fasil pou padone yon moun lè li sèvi mal ak nou, men nou dwe fè li si nou obeyi Bondye.

ENVITASYON : èske w konnen kòman Bondye padone peche a? Lè Jezi, Ptit Bondye a te mouri sou kwa a sa fè byen lontan, li te pran pinisyon ke nou chak te merite pou peche nou yo, Li padone nou.

## KAT PADON



Timoun kapab fè moun ke yo vle montre padon ak lanmou anvè li a li.

## Leson 11

### David montre yon kokobe mizèrikòd

“...Se pou nou fè byen ak tout moun, tout tan nou kapab...” Galat 6 :10

KÈK PATI NAN LESON AN	MWAYEN METODOLOJIK	RESOUS	TAN
Ouvèti Byen vini	Salye chak patisipan, ou ka make asistans yo.	Badj	3 min.
Zòn atant	Obsève epi kòmante imaj timoun k'ap montre bonte yo anvè lòt ki kokobe yo. Plase imaj yo anba lèt yo “Mwen gen bonte”	Imaj ak lèt “Mwen gen bonte”	5 min.
Priyè ouvèti	Gwoup timoun yo ak yon gid ki pou priye. Anchaje pou dirije.	Men yo chak	2 a 3 min.
Chan “Kris renmen mwen, e mwen konnen sa byen”	Itilize chan sa oubyen itilize mizik kè sa pou chante pawòl sa yo. “Ou dwe renmen ak fè byen. Fòk nou ede, se sa ki fè Bondye plezi’”.	Anrejistreman, CD oubyen USB	5 min.
Dinamik “Mwen espesyal pou Bondye”	Eksplike kamarad nou yo ki kapasite oubyen entèlijans ke nou genyen (“sa mwen kapab fè”) pandan youn ap ede lòt nan yon objè: yon desen, yon penti, yon balon, yon foto, elatriye.	Plizyè objè, foto oubyen imaj ki soti depi lakay.	5 a 7
Entwodiksyon Tèm nan	Ki moun ki te fè byen anvè ou? Kijan wanti ou lè yo byen aji avèk ou? Bondye mande pou nou gen lanmou pou tout moun, espesyalman avèk moun ki malad ak moun ki tankou nou yo, ki genyen plizyè kapasite diferan.	Gade rechèch la.	5 min.
Travay manyèl	Fabrike kat pou yon moun ki malad oubyen kokobe pou montre li bonte ou.	Papye koulè, kreyon, kreyon majik, papye bristòl, tep, ti klere ak lakòl.	10 min.
Adye avèk benediksyon Bondye.	Se pou timoun yo deside de fason ke yo kapab montre yo pandan semèn nan. Fè yon priyè pou yo chak. Bay yon ti koktèl fwi kòm kolasyon alafen.	Kolasyon	5 min.

## Leson 11

### David montre yon kokobe mizèrikòd

1 Samyèl 20:42; 2 Samyèl 4 :4

#### ENTWODIKSYON

Ki moun ki te fè byen anvè ou? Kijan w santi ou lè yo byen aji avèk ou? Bondye mande pou nou gen lanmou pou tout moun, espesyalman avèk moun ki malad ak moun ki tankou nou yo, ki genyen (plizyè kapasite ak entelijans diferan).

Èske nou sonje ke nan leson 7 la, genyen de zanmi ki te fè yon pwomès? (David ak Jonatan). Ann wè sa ki te pase apre plizyè lane.

Bib la di nou ke Jonatan te genyen yon pitit : Ti prens Mefibochèt te konn viv nan yon bél palè ansanm avèk papa li ak gran papa li, wa Sayil. Men lè li te vin gen 5 an, li te rann li kont de gwo kalite bagay terib ki te konn pase lè mesye yo te konn al nan goumen.

Te genyen yon gwo batay ki te deklannche epi papa I ak gran papa li t'al nan batay la. Yon jou konsa, yon nouvèl te rive nan palè a : Yo touye Sayil avèk Jonatan, kouri mezanmi pou nou sove lavi nou!! Moun ki te konn gadò Mefibochèt la te renmen li anpil, epi si I te kite li nan palè a, yo t'ap touye li, konsa, li te pase men pran ti prens lan epi pete kouri nan tout zo wòch nan lari a. Men, sanzatann, li frape pye li epi ti bebe a te tonbe, pye ak talon li yo te blese byen grav epi depi t esa a ti bebe sa te tou rete kokobe. Li pat janm kapab kouri ak vole menm jan ak lòt timoun yo; li te oblige pase tout rès lavi li ap bwate epi pèsòn pa ta panse fè I vin wa. Kè zanmi ki te gen bon kè te resevwa li lakay yo epi Mefibochèt vin fè yon gwo gason. Pandan tan sa a, David te vin wa pèp la epi pandan plizyè lane li te rete byen okipe nan responsablite li yo. Yon jou, David te sonje jenès li avèk Jonatan ki te renmen I tèlman, kòm li te gen bon kè avèk li avèk pwomès ke li te fè pou I te gen bonte anvè fanmi li yo. Donk, li te fè yon ankèt sou fanmi Jonatan yo epi lè li te pran nouvèl ke Jonatan te genyen yon sèl pitit, li te voye rele li.

Konsa, Mefibochèt t'al nan palè a epi ranpli ak krent, li te besè tèt li jous atè pou montre respè ak lonè; David te di li konsa: "Ou pa bezwen pè, mwen voye rele w pou m montre w mizèrikòd nan lonè papa ou. Mwen pral ba ou tout byen gran papa ou te genyen yo. Ou pral viv ansanm avèk mwen epi w'ap manje sou tab lakay mwen. Mefibosèt pat kapab kwè I, li te yon kokobe, li pat santi moun renmen li, li te santi I pa itil akoz de andikap li a; sepandan, David te swiv kòmandman Bondye a. Depi jou sa a, Mefibochèt te viv kòm yon prens yon lòt fwa ankò. Li te jwenn sèvis kòm youn nan pitit wa yo, epi se pat tankou yon ti pòv kokobe ankò.

DEFI 1. Bondye mande w pou w fè byen avèk yon moun san ke li pa mande w sa. Chak jou nou genyen chans pou nou aji byen, ou sèlman bezwen mande Bondye pou I ba ou lide ak chans pou w fè sa.

DEFI 2. Si w santi ou tankou Mefibochèt, sonje ke Bondye renmen ou epi nou tout se menm epi genyen menm valè pou li menm, anplis de sa, li trete w tankou yon prens. Piga w janm santi w pi ba pase lòt yo. Ou se yon bél kreyati Bondye!!

BONDYE TE METE  
LANMOU LI NAN  
MWEN POU MWEN  
PATAJE LI.



## Bonheur

Langaj ke moun ki soud yo kapab  
tande epi moun ki avèg yo kapab  
wè.

-San non.

Ti kras bagay ke nou kapab bay la, nan men Jezi, li vin tounen yon gwo koze. Seyè a pral chanje mesaj la isit la pou pale nan kè nou sou enpòtans ki genyen pou pataje lanmou epi ankouraje nou pou nou janti avèk lòt yo ki genyen kapasite ki diferan de pa nou yo. Yon akolad, yon souri, yon jès damou kapab pote limyè nan chemen yon moun k'ap mache nan tristès.

*Sa yo se lide ki kapab ajoute nan kat yo, ou kapab toujou Say on bagay ki pi bon.*

## Lesson 12

### David renonse fè pwòp volonte li

*“Montre m fè volonte ou, paske ou se Bondye mwen” Sòm 143 :10*

KÈK PATI NAN LESON AN	MWAYEN METODOLOJIK	RESOUS	TAN
Ouvèti Byen vini	Salye chak patisipan, ou ka make asistans yo.	Badj	3 min.
Zòn atant	Fini kat yo epi mete yo nan anvlòp. Se yo menm ki pral deside kijan yo pral remèt moun yo te fabrike kat yo pou yo a.	Materyèl ki pou fabrike kat yo avèk anvlòp papye yo	5 min.
Priyè ouvèti	Gwoup timoun yo ak yon gid ki pou priye. Anchaje pou dirije.	Men yo chak	2 a 3 min.
Chan	“Mwen vle rete fidèl” oubyen “Genyen viktwa pou mwen”	Anrejistremman, CD oubyen USB	5 min.
Dinamik “Fè l mache, fè l mache”	Pandan timoun yo chita sou fòm yon sèk, yo pral fè yon ti zòrye ki gen fòm yon kè mache. Gid la ap di konsa “Fè l mache” epi apra yon ti tan li pral rele ‘‘sipriz’’. Timoun ki genyen kè a nan men l lan pral repete fraz ki di : “Mwen vle vin yon timoun ki konfòm ak kè Bondye”	Ti zòrye sou fòm yon kè k'ap souri, ranpli ak ti grenn semans oubyen kim.	5 a 7
Entwodiksyon Tèm nan	Li enpòtan pou nou konnen sa Bondye mande nou, men li plis enpòtan toujou lè nou fè li. Kisa David te fè lè li te konprann ke youn nan plan li yo pat nan volonte Bondye?	Gade rechèch la.	5 min.
Travay manyèl	Ou kapab chwazi youn nan de travay yo.	Kreyon, koulè ak kopi desen	10 min.
Adye avèk benediksyon Bondye.	Ankouraje timoun yo repete Sòm 143:10 chak maten nan semèn k'ap antre a. Bay yon ti koktèl fwi kòm kolasyon alafen.	Kolasyon	5 min.

## Lesson 12

### David resonse fè pwòp volonte li

1 Kwonik 17, 28; 29

#### ENTWODIKSYON

Li enpòtan pou nou konnen sa Bondye mande nou, men li plis enpòtan toujou lè nou fè li. Kisa David te fè lè li te konprann ke youn nan plan li yo pat nan volonte Bondye?

David te di zanmi li Natan konsa: "M'ap vin nan yon bél palè epi ki koute anpil epi kay Bondye a fèt avèk po bét, nou dwe bati yon bél kay pou Seyè a". –èske Seyè a pa ta dwe genyen yon kay ki pi bél pase tout lòt yo?

Natan se te mesaje Bondye, li te kontan anpil pou plan David la, san poze Bondye kesyon, li te di wa David konsa : "Ou mèt tout sa ki nan kè w paske Bondye ansanm avèk ou". Sepandan, nan menm sware sa a, Bondye te pale ak Natan epi di l konsa : "Ale epi di David sèvitè m nan ke mwen renmen pwojè l la, men, travay li se te sove tè sa a epi retabli wayòm nan; se poutèt sa, li pap genyen pou li bati tanp lan, men pito se pitit li a Salomon ki va bati yon kay 'pou mwen'. David kapab rasonble matreyèl yo epi genyen yo prè. Anplis de sa, li te pwomèt li ke li ta genyen yon Wa nan fanmi li k'ap la pou toutan.

Natan te kouri al bay David mesaj Bondye a epi lè wa a te tande volonte Seyè li a, olye pou li diskite, li te adore l epi fè kè li kontan pou pwomèt ke li te resevwa a epi dèské li te pèmèt li rasable materyèl ki pi chè ak pi bél yo epi li te konsève yo pou yo te itilize nan bél konstriksyon tanp lan. Natan te kontan anpil dèské li te wè ke te genyen yon wa ki te rann li kont ke volonte Bondye se sa ki te pi bon.


David te di Salomon pitit li a konsa : "Ptit mwen, aprann konnen Bondye, sèvi li avèk tout kè ou epi toujou fè volonte li".

**DEFI :** Si w renmen Bondye avèk tout kè ou, konsa w ap anvi obeyi Bondye nan tout bagay, viv chak etap nan lavi w pandan w ap obeyi Seyè w la. Ou dwe vin yon timoun ki konfòm ak kè Bondye.



**ENVITASYON :** Si w se yon moun ki renmen fè pwòp volonte ou, epi ou pa panse ak volonte Bondye oubyen ou pa vle fè sa ke Li mande w fè, sonje ke pa genyen yon moun ki tèlman saj pou li fè sa ki dwat; se sèlman Seyè a ki saj epi ki toujou vle sa ki pi bon an pou ou. Mande li padon dèské w toujou vle fè pwòp volonte pa ou epi chak meten, di Li konsa : "Montre m fè volonte ou, paske w se Bondye mwen".

## Pentire, rekoupe epi kole.

Pentire imaj yo. Rekoupe epi kole pòt la sou kè a.



Bondye wè andedan nou, se sa ke li te wè nan David. Ann pentire, rekoupe ak monte kè sa avèk fraz sa ke nou pa gen dwa janm bliye.



**MWEN GEN YON ZANMI KI RENMEN MWEN**

Mwen gen yon zanmi ki renmen mwen

Renmen mwen, renmen mwen

Mwen gen yon zanmi ki renmen mwen

Non li se Jezi Kris.

**Mwen vle vin fidèl**

1. Louwanj pou Seyè a nan tout bagay;

David te toujou obeyi epi li te mete konfyans nan Li. Li te rete tann anpil tan pou l te vin wa,  
men Bondye te mache avèk li  
epi konsa li te pote laviktwa.

2. Mwen vle vin yon timoun ki fidèl, lè David te konsa; mwen vle obeyi Bondye nenpòt ki kote mwen  
ye. Mwen vle toujou pale avèk Li nan lapriyè; l'ap ban mwen benediksyon li si mwen rete fidèl avèk  
li.

Dwa rezève a Press Ekriti, 1948

<https://www.youtube.com/watch?v=R5cfqhFtO9o>

Pou chan David ak Golyat la"

<https://www.youtube.com/watch?v=zpfpJ0TzOdw>

Pou chan "Kanpe, Mache, bay pase".

<https://www.youtube.com/watch?v=a0pVucN6hV4>

Pou chan "Genyen Viktwa pou mwen"

<https://www.youtube.com/watch?v=Y4ZGaUwgJ>

Epi pou chan "Bon Nouvèl"